

Assalamualaikum Warahmatullaahi Wabarakatuh..

Nuwun,

Ingkang dhahat kinurmatan Bapak Kepala Sekolah SMK N 2 Madusari, Bapak/Ibu guru saha karyawan SMK N 2 Madusari ingkang kinurmatan, Bapak/Ibu wali murid kelas XII ingkang kula kurmati, saha para siswa kelas XII ingkang kula tresnani.

Ingkang sepisan, langkung rumiyin sumangga kula lan panjenengan sami ngonjukaken raos puji syukur wonten ngarsanipun Gusti Allah Ingkang Murbeng Dumadi, ingkang sampun kersa paring kanugrahan dhumateng kula lan panjenengan sadaya. Saengga wonten ing kalodhangan enjing punika kula lan panjenengan sami saged sesarengan makempal wonten ing adicara perpisahan kelas XII SMK N 2 Madusari taun 2021 menika kanthi kawontenan sehat wal 'afiat nir ing sambekala.

Ingkang kaping kalih, kula ngaturaken agunging panuwun dhumateng wekdal ingkang sampun dipunparingaken dhumateng kula. Keparenga wonten ing ngriki kula ingkang piniji kangge nglumantaraken adicara perpisahan kelas XII wonten ing wekdal menika. Saderengipun adicara menika dipunwiwiti, keparenga kula badhe naosaken urut reroncening adicara ingkang badhe kalampahan wonten ing wekdal menika.

Pambuka

1. Pambuka
2. Atur Pambagyaharja saking Kepala SMK N 2 Madusari
3. Atur bebingah dhateng siswa kelas XII ingkang berprestasi
4. Atur perpisahan saking perwakilan kelas XII
5. Tanggapan atur perpisahan saking perwakilan kelas XI
6. Pentas seni
7. Waosan donga
8. Panutup

Mekaten menggah rantamaning adicara ingkang badhe kalampahan, salajengipun kesekecakaken lenggah dumugi paripurnaning adicara.

Amargi wekdal ingkang sampun ndungkap siyang, sumangga adicara perpisahan kelas XII wonten ing wekdal menika kita wiwiti kanthi ndedonga miturut kapitadosanipun piyambak-piyambak. Ndedonga kula dherekaken, sumangga.

..... ndedonga
Maturnuwun. Mugia kanthi waosan donga saking para rawuh sedaya kalawau, adicara wonten ing wekdal menika saged kalampahan kanthi lancar purwa, madya, dumugi wusana. Aamiin.

Adicara ingkang kaping kalih, inggih menika atur pambagyaharja saking Kepala SMK N 2 Madusari. Dhumateng Bapak Ahmad Darmadi, S. Pd., wekdal saha sasana kula sumanggakaken sacekapipun.

..... Atur pambagyaharja Kepala SMK N 2 Madusari

Maturnuwun dhumateng Bapak Kepala sekolah ingkang samoun kersa paring atur pambagyaharja wonten ing wekdal menika.

Dene dicara ingkang kaping tiga inggih menika atur bebingah dhateng siswa kelas XII ingkang dados peringkat 1 dumugi 5 wonten ing biji ASPD. Dhumateng para siswa kalawau kasuwun minggah ing panggung. Saha dhumateng bapak kepala sekolah kasuwun minggah dhateng panggung ugi, saprelu caos bebingah dhumateng siswa berprestasi.

..... Atur bebingah

Kaaturaken "*selamat*" kagem para siswa saha kaaturaken agunging panuwun dhumateng bapak kepala sekolah. Mug-mugi prestasi saking para siswa kalawau saged dados motivasi kangge para siswa sanesipun.

Adicara ingkang kaping sekawan, inggih menika atur perpisahan saking perwakilan kelas XII. Dhumateng sedherek Friska Ayudya wekdal saha papan kula sumanggakakên sacêkapipun.

..... Atur pamit

Maturnuwun dhumateng sedherek Friska Ayudya.

Salajêngipun, inggih menika adicara tanggapan atur perpisahan saking perwakilan kelas XI. Dhumateng sedherek Arya Bimantara saking kelas XI KJ, papan saha wekdal kula sumanggakakên sacekapipun.

..... Tanggapan atur pamit.....

Maturnuwun dhumateng sedherek Arya Bimantara saking kelas XI KJ.

Ndungkap adicara ingkang kaping enem inggih menika pentas seni. Dhumateng para rawuh sedaya kasuwun mriksani pasugatan ingkang sampun dipunsameksataken dening para siswa kelas X saha kelas XI menika kanthi mardu mardikaning penggalih.

..... Pentas seni

Inggih makaten kalawau pasugatan saking siswa kelas X saha kelas XI. Maturnuwun dhumateng para siswa kelas X saha kelas XI ingkang sampun paring pasugatan ingkang ngremenaken sanget.

Adicara ingkang kaping pitu, inggih menika waosan donga. Dhumateng Bapak Akhmad Affandi kasuwun majeng kangge mimpin waosan donga kagem para siswa kelas XII. Dhumateng Bapak Akhmad Affandi, wekdal saha panggenan kula sumanggakakên.

..... Waosan Donga

Maturnuwun dhumateng Bapak Akhmad Affandi ingkang sampun kersa mimpin waosan donga wonten ing wekdal menika.

Boten keraos rantamaning adicara sampun kalampahan kanthi lancar. Ndungkap adicara ingkang pungkasan inggih menika panutup. Ananging saderengipun adicara menika ditutup, kula minangka pranataning adicara wonten ing adicara Perpisahan Kelas XII SMK N 2 Madusari taun 2021 menika nyuwun pangapunten ingkang saageng-agengipun manawi anggen kula nindakaken jejibahan ngumantarakan adicara wonten ing wekdal menika kathah kalepatan ingkang kirang mranani wonten ing penggalhipun Bapak/Ibu para rawuh sedaya.

Mbokbilih cekap semanten adicara wonten ing wekdal menika. Kula aturaken "Selamat" dhumateng para siswa kelas XII ingkang sampun kangsil mentas saking pawiyatan SMK N 2 Madusari menika. Sumangga adicara menika kita tutup kanthi waosan donga miturut kapitadosan piyambak-piyambak. Ndedonga kula dherekaken.

..... Penutup.....

Cekap semanten atur kula. Wassalamu'alaikum warahmatullaahi wabarakatu.

PITAKENAN

Kawangsulana pitakenan-pitakenan wonten ing ngandhap menika kanthi adhedhasar teks wonten ing nginggil lan kaginakna basa Jawa ragam krama!

1. Jumbuh kaliyan perangan wedharing gati, teks pranatacara wonten ing nginggil menika kaginakaken wonten ing adicara menapa?

Wangsulan:

Kaseratna pawadanipun

2. Kapan anggenipun Bapak Akhmad Affandi maosaken donga ?

Wangsulan:

3. Sinten kemawon ingkang pikantuk bebingah saking bapak kepala sekolah ?

Wangsulan:

4. Kaandharna kening menapa adicara wonten teks ing nginggil kalampahan ?

Wangsulan: